



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE YON DEKRÈ EGZEKITIF KI MANDE TOUT LABORATWA PIBLIK AK PRIVE NAN NEW YORK YO POU KOWÒDONE AVÈK DEPATMAN SANTE ETA A POU PRIYORIZE TÈS DYAGNOSTIK YO

Fè pati efò eta a pou ogmante tès yo, yon eleman kle nan plan Gouvènè a pou retire New York sou poz

Renouvle apèl pou gouvènman federal la bay eta yo finansman san restriksyon

Lanse kanpay sansibilizasyon ki ankouraje Nouyòkè ki gen revni ba yo reklame Peman Enpak Ekonomik yo a nan kad Lwa CARES la

Konfime 7,358 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 229,642; gen nouvo ka nan 50 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif ki mande tout laboratwa piblik ak prive nan New York yo pou kowòdone avèk Depatman Sante (Department of Health) Eta a pou priyorize tès dyagnostik pou kowonaviris la. Aksyon sa a fè pati efò Eta a pou ogmante tès yo, yon eleman kle nan plan Gouvènè a pou retire New York sou poz. Dekrè Egzekitif la pral ede garanti 301 laboratwa ak lopital yo nan eta a gen lisans pou reyalize tès viwooloji nan yon fason kowòdone pou simonte defi tès yo ke chak eta nan nasyon an ap fè fas nan moman an.

Gouvènè a te renouvle tou apèl li pou gouvènman federal la bay eta yo finansman san restriksyon pou ede estabilize ekonomi an ak pèmèt eta yo reyalize fonksyon reouvèti yo. Gouvènman federal la te adopte twa pwojè lwa pou abòde kriz sa a, ki gen ladan Lwa CARES federal la kote tout te gen zewo finansman pou konpanse defisi bidjè eta yo.

Gouvènè a te lanse tou yon kanpay sansibilizasyon pou ankouraje Nouyòkè ki gen revni ba yo reklame Peman Enpak Ekonomik yo nan kad Lwa CARES la. Lwa a bay 1,200 dola peman bay moun ki genyen mwens pase 75,000 dola ak 2,400 dola peman bay koup marye yo ki genyen mwens pase 150,000 dola. Sepandan, kontribiyab yo ap sèlman resevwa peman yo otomatikman si yo te fè deklarasyon revni federal yo pou ane 2018 oswa 2019 la. Akòz limit deklarasyon federal la se anviwon 12,000 dola pou grenn moun ak 24,000 dola pou koup marye yo, plizyè santèn milye nan Nouyòkè ki gen revni ki pi ba yo ki pa gen obligasyon pou fè deklarasyon yo pa pral resevwa peman yo amwenske yo bay enfòmasyon yo bay IRS.

Pou sipòte kanpay sansibilizasyon Gouvènè a, Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance) te lanse yon pajwèb [Enfòmasyon sou Peman Enpak Ekonomik: sa ou dwe konnen](#) epi pral kontakte dirèkteman kontribiyab yo ki ka pa resevwa peman yo gen pou yo otomatikman. Depatman Fiskalite a pral fè patenarya tou avèk Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance), Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan (Division of Veterans Services), Depatman Travay (Department of Labor) ak òganizasyon kominotè lokal yo pou sansibilize ak garanti sila yo ki bezwen benefis sa yo plis pran mezi nesèsè.

"Pandan n ap travay nan semèn k ap vini yo pou retire New York sou poz, tès ak swivi yo se pral gid nou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pa gen okenn eta ki kapab fè tès COVID la sou gwo anplè jan sa nesèsè nan moman an. Nou gen 300 laboratwa ak lopital nan eta a ki fè tès viwooloji epi nou dwe kowòdone yo pou tounen yon sèl sistèm -- tankou nou te fè avèk lopital yo -- pou genyen kapasite tès nou an kote li dwe ye. Mwen pral pibliye yon Dekrè Egzekitif ki di Depatman Sante a pral kowòdone tout laboratwa sa yo pou nou ka ogmante tès yo ak pèmèt plis moun tounen travay."

Finalman, Gouvènè a te konfime 7,358 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 229,642 ka konfime nan Eta New York. Nan total 229,642 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	619	38
Allegany	29	1
Broome	178	11
Cattaraugus	34	2
Cayuga	36	0
Chautauqua	25	1
Chemung	71	1
Chenango	76	3
Clinton	47	1
Columbia	101	2
Cortland	25	1
Delaware	48	1
Dutchess	2,142	57
Erie	1,929	79
Essex	15	3
Franklin	13	0
Fulton	27	2
Genesee	83	5
Greene	77	3
Hamilton	3	0

Herkimer	46	3
Jefferson	50	2
Lewis	8	0
Livingston	34	2
Madison	105	0
Monroe	975	43
Montgomery	33	1
Nassau	28,539	767
Niagara	227	11
NYC	127,352	4,206
Oneida	261	12
Onondaga	483	21
Ontario	67	2
Orange	6,084	196
Orleans	34	0
Oswego	45	1
Otsego	44	0
Putnam	578	5
Rensselaer	150	13
Rockland	8,987	235
Saratoga	236	5
Schenectady	250	5
Schoharie	20	0
Schuyler	6	0
Seneca	18	0
St. Lawrence	96	3
Steuben	154	0
Suffolk	25,035	853
Sullivan	505	68
Tioga	30	3
Tompkins	117	1
Ulster	788	27
Warren	91	10
Washington	48	2
Wayne	49	0
Westchester	22,476	648
Wyoming	35	1
Yates	8	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)